



Pou Piblikasyon Imedya: 12/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON SEKRETÈ GOUVÈNÈ A MELISSA DEROSA

Sekretè Gouvènè a ki se Melissa DeRosa, te pibliye deklarasyon sa a konsènan kòmantè ki te fèt pandan yon apèl konferans Zoom ak lejislatè eta yo:

"Mwen t ap eksplike sa lè nou te resevwa ankèt DOJ la, nou te bezwen mete demann Lejislati a akote tanporèman pou fè fas ak demann federal la an premye. Nou te enfòmè mezon yo sou sa nan moman an. Nou te complè ak transparan nan repons nou bay DOJ yo, ak answit nou te gen pou nou konsantre resous nou yo sou vag dezyèm deplwaman vaksen an imedyatman. 'Kòm mwen te di nan yon apèl ak lejislatè yo, nou pa te kapab satisfè demann yo osi vit jan nenpòt moun ta renmen an. Men, nou angaje nou pou nou vin pi bon patnè pi devan pandan n ap pataje menm objektif pou kenbe Nouyòkè yo an sante jan sa posib pandan pandemi an".

Men yon kalandriye evènman ki mennen jiska nan ankèt Depatman Jistis (Department of Justice, DOJ) la bay gouvènè Demokratik yo konsènan etablisman mezon retrèt yo:

KWONOLOJI:

3 out - Komisè NYS DOH la, Doktè Howard Zucker temwaye devan Lejislati NYS la konsènan COVID ak mezon retrèt yo/etablisman swen alontèm yo

20 out - Asanble ak Sena yo chak voye lèt bay DOH ak kesyon pou swivi k ap chèche plis enfòmasyon

26 out - DOJ voye demann lèt bay gouvènè Demokratik yo konsènan lanmò nan etablisman mezon retrèt yo

Septanm - Biwo Gouvènè a mande lidè lejislatif yo pou yo pran yon ti tan pou reponn lèt 20 out yo pou administrasyon an ka rezoud kesyon DOJ la an premye.

28 oktòb - DOJ voye lòt lèt ankèt bay mezon retrèt yo

Thanksgiving/kòmansman desanm - Dezyèm vag COVID kòmanse nan NYS

11 desanm - yo te apwouve vaksen Pfizer a

14 desanm - Premye distribisyon vaksen nan NYS

Men yon transkripsyon diskou ki soti nan men Sekretè a pandan yon apèl konferans Zoom ak lejislatè eta yo:

Senatè Skoufis: Komisè, mwen ap pale nan yon sans ki pi jeneral ke kesyon sa sèlman. Lèt Sena ke nou te voye a te gen, mwen panse, 17 kesyon. Mwen panse ke te gen yon lèt Asanble ak anpil kesyon. Kidonk, wi, gen yon kesyon sou done ak verifikasyon, epi ou p ap ka konvenk mwen ke ou pa te kapab fè verifikasyon pi vit pase yon espas 6 mwa. Mwen kwè ou te kòmanse verifikasyon an kèk semèn de sa lè tout bagay te kòmanse chavire. Men, mwen ap pale nan yon sans ki pi jeneral pase kesyon lanmò mezon retrèt la sèlman.

Melissa DeRosa: Senatè, mwen ka pran kesyon sa a. Mwen pa konnen ke sa a pral fè ou satisfè, men se laverite epi laverite a ap fonksyone prèske chak fwa. Lèt la vini nan fen mwa out la epi apeprè nan menm moman, Prezidan Trump te chanje sa an yon foutbòl politik jeyan. Li kòmanse twite ke nou touye tout moun nan mezon retrèt yo, li kòmanse pouswiv Murphy, li kòmanse pouswiv Newsom, li kòmanse pouswiv Gretchen Whitmer.

Li mande Depatman Jistis la pou fè yon ankèt sou nou. Li jwenn yon moun nan DOJ la, ki depi lè a li revoke li paske moun sa a kounye yo konnen li kòm yon pirat politik, ki voye lèt bay tout gouvènè diferan sa yo. Epi fondamantalman, nou te friz, paske ansuit nou te nan yon pozisyon kote nou pa te sèten si sa nou te prale bay Depatman Jistis la oswa sa nou ba ou, sa nou kòmanse di yo te pral itilize kont nou pandan ke nou pa te sèten si te dwe gen yon ankèt.

Sa te jwe yon gwo wòl nan sa. Nou te ale kote lidè yo epi nou te di lidè yo, èske nou ka pran yon poz tanpri sou atenn tout moun nan jiskaske nou pase peryòd sa a epi nou konnen ki sa ki pase ak DOJ la. Depi lè sa a nou travèse peryòd sa a. Tout siy yo montre sa, sa pa gade yo. Yo kite li tonbe. Yo pa te janm ouvri yon ankèt fòmèlman. Yo te voye yon lèt ki poze yon kantite kesyon epi ansuit nou satisfè kesyon sa yo epi li ta sanble ke yo disparèt. Men, se te konsa sa te pase nan mwa out la.

Nan peryòd entèvansyon an, dezyèm vag la te rive. Deplasman vaksen an te kòmanse epi tout atansyon nou chanje nan yon lòt direksyon. Epi mwen konnen ke sa se pa repons ou vle tandè a epi ou yo ta dwe sèl priyorite ke nou genyen pandan nou ap avanse atravè sa a -

Senatè Skoufis: Mwen p ap sijere ke —

Melissa DeRosa: Non, non, non - dezole, mwen pa te vle di sa pou irite. Mwen ap di sa sensèman - e mwen te kominike sa ak Shontell ak Louann - mwen vle fè ke nou yon patenè davantaj. Mwen vle reponn kesyon ou yo sou yon baz kontinyèl. Yo ofri mwen pou mwen fè yon bagay chak semèn oswa chak de semèn pou ou ka gen kesyon pi souvan epi nou ka gen yon konvèsasyon franch kote li pa parèt tankou tout moun ap choute youn sou lòt nan laprès la epi se pa reyèlman yon politik yon kesyon epi se pa reyèlman yon kesyon enfòmasyon, men se yon kesyon vayeveyen politik.

kidonk, se sa ki te pase. Nan verifikasyon an, mwen vle di, kounye a mwen ankre byen fon nan sa a epi mwen konprann tout bagay sa yo. Nan dat 17 avril, epi nou pa bezwen pase akote sijè a, men se jis pou ou konprann yon pati nan tout bagay sa a. Nan dat 17 avril, DOH te voye yon notifikasyon bay tout mezon retrèt li kontwole yo epi li di yon fason pwospektif, pale nou sou nenpòt moun ki te mouri nan etablisman an, nenpòt moun ou panse ki te mouri nan COVID nan etablisman an - tankou sipoze, men sipoze gen yon kontèks ak definisyon medika - men ann jis di prezime. Epi mezon retrèt yo te pran sa pou di ke mwen pral gade dèyè epi devine, esansyèlman, ke ou kwè ke COVID te konfime nan yon lopital e ke ou panse li te sipoze nan yon lopital.

Toudenkou, nan fen mwa avril la, ou jwenn yon done masif ki sòti nan 600 mezon retrèt kote yo ap fè rapò an janvyè epi li di prezime COVID. Epi DOH, nan mitan moman ki te toujou pi fò nan pandemi an, pandan ke nou t ap demele nou sou yon baz jounalye pou asire ke lopital yo pa te debòde epi efondre, lè nou t ap eseye asire ke moun yo te resevwa swen ke yo te bezwen an, lè nou te toujou ap pran gwo desizyon sou ki sektè nan ekonomi an ki ta dwe re-ouvri san danje oswa fèmen, lè te toujou gen gwo mank PPE epi pandan ke nou te fèmen sou yon baz jounalye pa Donald Trump - ke nou bezwen travèse pil done sa yo. Se 14,000 moun. Answit, li pa te 14,000, se te tankou 6,000 oswa kèlkeswa sa chif la te ye a.

E pa youn nan yo te fyab. Li te baze sou inisyal yo. Li te baze sou done ke yo te panse yo te mouri nan lopital la paske yo pa te konnen asireman. Li te baze sou ko-mòbidite ke lis ko-mòbidite yo se nemoni, kansè, VIH/SIDA - tout bagay sa yo epi yo ap devine ke paske li te pase nan anviwon tan sa a, petèt se te COVID. Sa a te yon angajman masif e li te pase pandan ke nou te moman ki te toujou pi fò nan pandemi an. Se lè sa a yo te voye pil done yo.

Kidonk, mwen jis ap mande yon ti kras apresyasyon nan kontèks la. Mwen trè byen konprann agiman ou an, Senatè, epi nou pral fè pi byen epi mwen pwomèt ou ke nou pral eseye fè pi byen sou yon baz regilye, yon baz kontinyèl, pou reponn ou. Si sa vle di ke Shontell oswa Louann fè aranjman pou evènman ponktyèl oswa apèl Zooms oswa apèl nan telefòn oswa reyinyon chak semèn, oswa kèlkeswa bagay la - Mwen ouvè pou sa.

Kidonk, nou prezante eskiz nou. Mwen konprann pozisyon ke yo te mete ou ladan. Mwen konnen ke li pa jis. Se pa te entansyon nou pou mete ou nan pozisyon politik sa ak Repibliken yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)